



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU ELAJI PWOTEKSYON KONT TRAFIK IMEN NAN ETA NEW YORK

Bidjè ane fiskal 2024 la te enkli 2.3 milyon dola ke yo te fèk akòde bay founisè sèvis pou viktim trafik imen yo

Lejislasyon S.4263/A.3227, S.5527/A.3720, S.6213/A.4264, S.6214/A.4265, S.5827/A.4586, S.4267/A.4669 konsènne piblikasyon enfòmasyon konsènan sèvis viktim trafik imen nan sant transpò yo atravè eta a

Lejislasyon S.7451/A.7360 pwolonje Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen an pou kat ane

Lejislasyon S.395/A.5505 mande Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen an pou envestige koneksyon ant trafik ak rezo sosyal yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif an lwa ki elaji manm Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen (Interagency Task Force on Human Trafficking) Eta New York la ak dire fonksyon yo pou asire travay gwoup travay la ap fè a kapab kontinye san anpèchman. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon ki asire sant transpò atravè eta a montre enfòmasyon ki ka itil pou viktim trafik moun, bay yo enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te mete aksan sou 2.3 milyon dola ki te fèk akòde bay kontraktè ki bay sèvis pou sivivan ak viktim trafik ime yo atravè eta a.

"Trafik imen se yon kochma ke pèsoun pa ta dwe eksperimante - menm yon viktim twòp," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a pou pwoteje plizyè milye moun ki viktim trafik imen, epi mwen vle remèsye patnè mwen yo nan lejislati a pou travay yo fè pou yo fè pwojè lwa sa yo rive nan liy final la."

Sansibilizasyon pou Sèvis Trafik Imen

Pou ogmante angajman Eta New York pou sipòte ak pwoteje viktim trafik yo, Lejislasyon S.4263/A.3227 egzije pou ayewopò Otorite Pòtyè yo pou yo bay enfòmasyon ki ka itil pou viktim trafik imen nan sal laktasyon yo. Lejislasyon S.5527/A.3720 egzije enstalasyon MTA pou yo poste enfòmasyon ki ka itil pou viktim trafik imen. Lejislasyon (S.8678/A.9814) egzije pou estasyon kamyon yo afiche

enfòmasyon ki ka itil pou viktim trafik imen yo nan sal laktasyon yo. Lejislasyon S.6214/A.4265 egzije ayewopò sèvis komèsyal yo afiche enfòmasyon pou sèvis trafik imen nan sal laktasyon yo. Lejislasyon S.5827/A.4586 egzije zòn sèvis ki mentni ak opere pa Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority) bay enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib pou viktim trafik imen nan sal laktasyon yo. Lejislasyon S.4267/A.4669 egzije tèminal otobis Otorite Pòtyè pou bay enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib pou viktim trafik imen nan sal laktasyon yo.

Elaji Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen

Lejislasyon S.7451/A.7360 ajoute Sekretè Deta New York la nan manm Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen an. Kounye a, manm ajans eta yo nan gwoup travay la se komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Service, DCJS), komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), Komisè Depatman Sante (Department of Health, DOH), komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), komisè Depatman Travay (Department of Labor, DOL), komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS), komisè Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), direktè Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS), direktè egzekitif Biwo Prevansyon kont Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV), ak sirentandan Lapolis Eta New York la.

Lejislasyon sa a pwolonje gwoup travay la tou pou yon lòt kat ane pou asire travay gwoup travay la fè pou anpeche, diminye ak ede sivivan trafik imen yo kontinye san entèripsyon.

Lejislasyon S.395/A.5505 mande Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen an pou envestige koneksyon ant trafik ak rezo sosyal yo

Senatè Eta Lea Webb te deklare, "Kòm Prezidan Komite Pwoblèm Fanm yo nan Sena Eta New York la, mwen te fyè dèske m patwone pwojè lwa sa yo pou ede nan batay kont trafik imen an. Lejislasyon sa a pral asire enfòmasyon konsènan sèvis pou viktim trafik imen yo afiche nan kote ki gen anpil vizit ki ka sèvi kòm pòtay pou trafikè yo k ap pase avèk viktim yo, tankou sal laktasyon nan ayewopò komèsyal New York yo ak estasyon kamyon yo. Li enperatif pou nou travay ansanm pou abòde pwoblèm trafik moun vilnerab Nouyòkè yo, pou asire viktim yo ka jwenn èd san danje epi jwenn resous san yo pa bezwen pè vanjans."

Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare, "Pwojè lwa sa yo ansanm fè pwogrè kont trafik imen nan mennen ankèt sou rasin dijital li yo, ogmante konsyantizasyon piblik la, epi asire enfòmasyon enpòtan yo aksesib kote yo pi bezwen li. Mwen pa sèlman fyè, men mwen onore anpil pou m te jwe yon wòl nan avanse mezi enpòtan sa yo."

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Fè prevansyon ak konbat trafik imen mande yon efò konsète pa anpil ajans eta yo; epi pwojè lwa Gouvènè Hochul ap siyen jodi a bay ajans sa yo otorizasyon pi long pou yo fè travay enpòtan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman li nan pwoblèm sa a epi mwen pa ka tann pou nou

jwenn plis stratèj sou tab la pou pi byen konfwonte eksplwatasyon moun k ap pase nan kominote yo atravè gwo eta nou an."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Gen mwens posibilite pou viktim trafik seksyèl yo lwen trafikè yo. Souvan, kèk moman nan yon twalèt piblik oswa nan yon sal laktasyon se pral sèl fwa yon viktim rete pou kont li. Enfòmasyon yo wè nan espas ki an sekirite sa yo ka se sèl opòtinite yo genyen pou yo aprann sou sèvis ki disponib pou yo. New York ap etabli yon presedan ak lejislasyon sa a lè li rankontre viktim kote yo ye ak bay yo zouti yo bezwen pou yo kite yon vi eksplwatasyon seksyèl."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Trafik imen se yon bagay ki difisil pou detekte epi ogmantasyon platfòm rezo sosyal yo ak aplikasyon pou pran randevou bay trafik an yo yon zouti adisyonèl pou fè viktim yo lasisiy. Plizyè milyon moun atravè lemond ak plizyè milye Nouyòkè, gran majorite fanm yo, viktim endistri degoutan sa a chak ane, sa ki mete aksan sou enpòtan pou elaji misyon Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen an nan New York. Eta New York klase katriyèm nan ensidans trafik imen yo epi lejislasyon sa a pral ede nou konprann fason trafik imen yo itilize platfòm sou entènèt epi li pral ede ajans eta yo pwopaje konsyantizasyon sou fason moun ka kenbe tèt yo an sekirite. Mwen di Gouvènè Hochul mèsè poutèt li siyen pwojè lwa enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa."

Manm Asanble Grace Lee te deklare, "Fòs Entèkansyon Entèrajans sou Trafik Imen New York la sèvi alafwa pou anpeche trafik imen nan New York epi pou sipòte sivivan yo. Siyati lwa sa a jodi a pral ranfòse kapasite gwoup travay la pou fè travay enpòtan sa a. Mwen te fyè pou m dirije pasaj lejislasyon sa a nan Asanble a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, Lidè Majorite Stewart-Cousins, ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou sipòte yo."

Biwo Asistans Tanporè ak moun Andikape a opere Pwogram Response fas ak Trafik Imen (Response to Human Trafficking Program, RHTP), ki sipòte founisè sèvis yo atravè eta a pou bay jesyon ka ak sèvis pou viktim trafik imen yo. Jodi a, RHTP sipòte 11 founisè sèvis atravè Eta New York. Sèvis yo reponn ak bezwen ak objektif endividyèl yo, epi yo ka gen ladan sèvis ijans tankouabri, transpò, asistans manje ak aksè nan telefòn, sèvis medikal, rad, elatriye. Founisè yo travay tou ak sivivan trafik yo pou idantifye ak sipòte objektif alontèm, tankou swen sante ak sèvis sante mantal, sèvis travay, ak tranzisyon nan lojman alontèm.

Atravè RHTP, yo te fèk akòde 2.3 milyon dola a bay founisè sa yo nan tout eta a k ap sèvi sivivan trafik imen yo:

Kontraktè	Rejyon	Sibvansyon
Safe Horizon, Inc.	Vil New York	500,000.00 dola
Sanctuary for Families (Sanktyè Pou Fanmi yo)	Vil New York	379,000.00 dola

Restore NYC	Vil New York	319,500.00 dola
My Sister's Place, Inc.	Westchester	275,000.00 dola
Empowerment Collaborative of Long Island Inc.	Suffolk	200,000.00 dola
Catholic Charities of Long Island (Charite Katolik nan Long Island)	Nassau	124,250.00 dola
International Institute of Buffalo (Enstiti Entènasyonal Buffalo)	Erie	167,208.00 dola
Safe Inc nan Schenectady	Schenectady	197,099.00 dola
People Against Trafficking Humans Incorporated (Moun kont Trafik Imen Enkòpore)	Erie	49,581.00 dola
Unity House of Troy Inc.	Rensselaer	113,000.00 dola
Safe Harbors of the Finger Lakes Inc.	Ontario	72,362.00 dola

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (DCJS) la travay ak lapolis pou asire ke tout rekrite yo resevwa fòmasyon sou trafik imen nan kad fòmasyon debaz yo. An 2022, anviwon 2,500 rekrite te resevwa fòmasyon sou trafik moun nan kad enstriksyon kou debaz yo, ki gen ladan fòmasyon sou fason pou fè yon referans pou konfimasyon Eta New York. Depi kòmansman ane 2023, DCJS, an konsiltasyon ak OTDA, konfime 240 moun yo deja trafike nan Eta New York, konekte yo ak sèvis ak resous esansyèl yo. Eta a konfime 249 moun yo te trafik an 2022, ak 295 an 2021.

Apati 20 jiyè 2023, etablisman lojman nan Eta New York yo oblije bay fòmasyon sou idantifye ak rapòte trafik imen bay tout anplwaye ki gen anpil chans pou kominike oswa antre an kontak ak envite. DCJS te an kontak ak jwè enpòtan yo nan endistri Otelri a—ki gen ladan Marriott, Hilton, ak Asosyasyon Otelri ak Touris Eta New York la—epi li te travay avèk patnè OTDA nou yo pou ekri materyèl fòmasyon apwopriye eta a.

Konsèy pou Fòmasyon Polis Minisipal Eta a, kote DCJS bay anplwaye yo, te gen obligasyon pa lalwa pou devlope ak pibliye yo [Modèl Politik kont Trafik Imen](#) ke fòs lòd yo te kapab itilize kòm yon kad pou pwòp politik pa yo. Politik la te premye adopte an 2016 epi yo te mete li ajou an 2021.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)